Утверждаю

Директор МКОУ

«Апшинская СОШ»

/Мамаева А.Ш./

# Рабочая программа
# по родному языку
# 5 класс

*Составитель: Магомедова П.М.*

*учитель родного языка и литературы*

2023-2024 уч.год

## Рабочая программа

**Предмет: Родной язык**

**Класс:5**

**Срок реализации программы:**2023-2024учебный год.

**Учитель:** Саидова Р.И. **Планирование составлено на основе :**

**Программа:** Примерная программа « Родной язык» основного общего образования для общеобразовательных учреждений, автора составителя А.М. Муртазалиев. АО «Просвещение» 2021 год; рекомендован Министерством образования РД

**Учебник :** « Родной язык » учебник для 5 класса общеобразовательных учреждений: А.М. Муртазалиев. АО «Просвещение» 2021 год;

**Кол-во часов:** всего уроков 33 часов:

## Предметалъул х1асил:

1. Мац1алъ т1убалеб аслияб хъулахъулъ, авар халкъалъул миллияб мац1 х1исабалдаги Дагъистаналъул пачалихъаб мац1 х1исабалдаги авар мац1алъул бугеб к1варалъул, мац1алда ва маданияталда гьоркьоб бугеб бухьеналъул, инсанасул ва обществоялъул г1умруялъулъ рахьдал мац1алъул бугеб к1варалъул х1акъалъулъ бич1ч1и;
2. Гуманитариял г1елмабазул рахьадал мац1алъ ккураб бак1аллъул гьелъул бугеб роль бич1ч1и;
3. Рахьдал мац1алъул х1акъалъулъ г1елмияб лъаялъул аслу лъай; мац1алъул бут1абазда ва даражаязда гьоркьоб бугеб бухьен бич1ч1и;
4. Лингвистикаялъул авалиял бич1ч1иял лъай: лингвистика ва гьелъул аслиял бут1аби (разделал);мац1 ва калам; каламалдалъун щулияб гьоркьоблъи, бухьен гьаби;к1алзул ва хъвавул калам; монолог, диалог ва гьезул тайпаби;ах1вал-х1алалъухъ балагьун,калам гьаби; бицунеб калам; г1елмияб

публистияб,официалиябгин ишалъулаб стилазул ва бицунеб жанрал; каламалъултайпаби (хабарияб,сипатияб ва пикриуяб); текст ва teксталъул тайпаби; мац1алъул аслиял бут1аби,гьезул г1аламатал ва каламалъулъ х1алт1изариялъул хаслъаби;

5. Авар мац1алъул фразеологиял ва лексика, гьединго авар литературияб мац1алъул орфоэпиялъул, лексикаялъул, грамматикаялъул, орфографиялъул, пунктуациялъул аслиял нормабиги каламалъул этикаялъул нормабиги лъай; к1алзул ва хъвавул формаялда жиндирго пикру загьир гьабулаго, каламалъул практикаялъулъ гьездаса пайда боси;

**Ц1АЛУЛ КУРСАЛЪУЛ Г1УЦ1И**
**V КЛАСС (33 сагIат)**

**Мац1 цоцазалгун бухьен гьабулеб алат х1исабалда (1 саг1ат)**

Инсанасул г1умруялда жаниб мац1алъ т1убалеб хъулухъ.К1алзул ва хъвавул каламалда гьоркьоб бугеб бат1алъи.Гара-ч1варилъулаб **,**г1елмияб,художествияб,литературалъул стилалъул аслиял г1аламатал.

**Байбихьул классазда малъараб материал такрар гьаби (1 сагIат)**
Лабиалиял гьаркьал ва геминатал. РагIул гIуцIи. Каламалъул бутIаби (предметияб цIар, прилагательное, глагол ва гьезул морфологиял гIаламатал; цIарубакI).

**Синтаксис ва пунктуация (10сагIат)**

1. РагIабазул дандрай. РагIабазул дандраязулъ аслиябги нахъбилълъарабги рагIи.
2. Предложение. Жидеца бицунеб жоялъул мурадалде балагьун, предложениялъул тайпаби: хабарияб, суалияб ва тIалабияб. Интонациялде балагьун, ахIул предложение. Предложениязул ахиралда лъалхъул ишараби. Предложениялъул бетIерал членал: подлежащее, сказуемое, битIараб дополнение. Предложениялъул бетIерал гурел членал: хъвалсараб дополнение, определение, хIалал. ТIиритIаралги.Тайпа цоял членалгун предложениял. Тайпа цоял членазда гьоркьоб запятая. ХитIаб. ХитIабгун лъалхъул ишараби. ГIадатаб ва жубараб предложение. Журарал предложениязулъ ругел гIадатал предложениял союзаздалъунги союзал гьечIогоги

Цолъизаризе бегьи ва запятаялдалъун ратIа тIезари (авалияб баян). БитIараб калам ва лъалхъул ишараби. Диалог. Диалогалда цебе тире.

2. Хабариял, суалиял, тIалабиял ва ахIул предложениязулъ битIараб интонация цIунизе лъай. Диалогалругеб текст, орфоэпияги цIунун. ГIадатал предложениял цолъизарун, журарал предложениял гIуцIизе лъай. РагIабазул дандраял гIуцIизе, аслияб рагIудаса нахъбилълъараб рагIул суал лъезелъай. Цо тайпаялъул предложение цогидаб тайпаялъул предложениялде хисизабизе лъай. Суалаллъун, предложениялъул членал ратIа рахъизе бугеб бажари камиллъизаби. ТIиритIичIел предложениял тIиритIараллъун гьаризе лъай. Тайпа цоял членалгун предложениял гIуцIизе, гьезулъ лъалхъул ишараби лъезелъай.

### Фонетика ва графика. Орфография (4сагIат)

1. Каламалъулгьаркьал. РагьаралгьаркьалвахIарпал. РагьукъалгьаркьалвахIарпал. Лабиалиялгьаркьалвагеминатал. Алфавит. **Я, е, ё, ю** хIарпал. **Ъ, ь** хIарпал ва гьез тIубалеб хъулухъ. Слог. РагIи цо мухъидаса цоги мухъиде, слогазде бикьун, боси. Ударение.

2. РагIабазулъ рагьукъалги ва рагьаралги гьаркьал рихьизаризе лъай. Литературияб нормаялда рекъон, рагьукъалги рагьаралги гьаркьал битIун абизе ругьун гьари. Авар мацIалъул орфографияб словаралдаса пайда босизе лъай. РагIаби слогазде ва гьаркьазде риххиялъул байбихьул классазда щвараб бажари жеги камил гьаби.
Алфавиталъул тартибалда рагIаби лъезелъай. ХIарпал гьаркьаздаса ратIа рахъизе лъай. Фонетикияб разбор гьабизе лъай (бицунги, хъванги).

### ЛЕКСИКА (3сагIат)

1. Лексикаялъул хIакъалъулъ бичIчIи. Цо магIнаялъул ва гIемер магIнаялъул рагIаби. Омонимал (лъай-хъвайгьаби). РагIул битIараб ва хъвалсараб магIна. Синонимал. Антонимал.
2. Авар мацIалъул аслиял словараздаса пайда босизе, текстaлда синонимал ва антонимал ратизе лъимал ругьун гьари.

### РагIи лъугьин ва орфография (2 сагIат)

1. РагIуласлу ва ахир. РагIул кьибил. Суффикс. РагIаби лъугьин:

а) кIигорагIи, яги кIигокьибилжубаялдалъун;

б) суффиксаздалъун (гIаммаб баян).

2. РагIул гIуцIиялъул разбор гьабизе ругьун гьари. Кьибил цоял рагIаби ратизе ва гьезулъ ахир, аслу, кьибил, суффикс бихьизабизе лъай. Каламалъулъ гьединал рагIаби хIалтIизаризе лъай.

### МОРФОЛОГИЯ ВА ОРФОГРАФИЯ

**Жалго жидедаго чIарал каламалъул бутIаби. ПРЕДМЕТИЯБ ЦIАР (2 сагIат)**

1. Предметияб цIар. ГIаммаб магIна, морфологиял гIаламатал, синтаксисияб роль.
Хасал ва гIаммал предметиял цIарал. Хасал цIаразул (гIадамазул, географиял цIаразул, къватIазул, байданазул цIаразул, тарихиял лъугьарал ва пачалихъиял байрамазул цIаразул) бетIералда кIудияб хIарп.ТIахьазул, газетазул ва журналазул, суратазул, кинофильмабазул, спектаклязул, литературиял ва музыкалиял асаразул цIаразул бетIералда кIудияб хIарп. Гьел цIарал кавычкабаздалъун ратIагьари. Цо-цо гIаммал цIарал хасаллъун ккей. Предметияб цIаралъул гIемерлъул форма лъугьин. ГIемерлъул форма лъугьунаго, аслуялъулъ колел хиса-басиял.
2. Жиндирго каламалъулъ синонималлъун колел предметиял цIарал ратIа рахъизе лъай, гьел хIалтIизаризе цIалдохъаби ругьун гьари. Аслуялъулъ тIубанго хиси ккун лъугьунел рагIаби лъай. Цо-цо рагIул гIемерлъул форма букIунареблъи лъай. Суффиксазул кумекалдалъун цолъул формаялдаса гIемерлъул форма лъугьинабизе лъай. Цогидал рагIаби предметиял цIаралгун жинсгун формаялъулъ рекъезаризе лъай.

## ГЛАГОЛАЛ (4 сагIат)

1. Глагол. ГIаммабмагIна, морфологиял гIаламатал ва синтаксисияб роль. Рухьарал ва тIадчIарал глаголал. Цо-цо глагол, лексикияб магIнаялде балагьун, бухьараб лъунги тIадчIараб лъунги букIине бегьи**(кванaзе, сверизе).** Жинсиял ва жинсиял гурел глаголал.

Глаголияб цIар. Глаголалъул заманаби: араб, бачIунеб, гIахьалаб, гьанже заман, гьел лъугьин ва гьезул буголъиялъул, гьечIолъиялъул форма.
2. Жинсиял глаголал предметиял цIаралгун рекъезарун, калам гIуцIизе ругьун гьари. Синонимиял ва антонимиял глаголал жидерго каламалъулъ хIалтIизаризе ругьун гьари. Рухьарал ва тIадчIарал (переходниял ва непереходниял) глаголал ратIа гьаризе лъай. Заманиял формабазде глагол хисизабизе лъай. Ункъабго заманалъул гьечIолъиялъул форма лъугьинабизе лъай.

## Контролияб диктант-( 4 сагIат)

## Калам цебетIезаби (2сагIат)

Каламалъул стиль. Каламалъул гара-чIвариялъулаб ва гIелмияб стилалъул хIакъалъулъ дагьабго лъай-хъвайгьаби. Тема ва тексталъул аслияб пикру. Текстал рагIун, хехго. гъалатIал риччачIого, цIализе лъай. Интонацияги цIунун, батIи-батIиял тайпабазул предложениял цIализе ругьун гьари.
ЦIиял рагIаби битIун абизе ва хъвазе, гьезул магIна бицине, гьезиесинонималваантонималургъизелъай. БатIи-батIиял грамматикиял формабазда цIиял рагIабиги ккезарун, предложениял гIуцIизе лъай. Суалаздалъун предложениял тIиритIизаризе

лъай. ГІурусалдаса авар мацІалде 3-5 предложениялдасан гІуцІарал гьитІинал текстал руссинаризе лъай. Сверухъ бугеб тІабигІаталда хурхараб темаялда тІасан гара-чІвари гІуцІизе бажари. Жидецаго ургъун, суалал лъезе, малъарал грамматикиял формабаздаса ва предложениязул тайпабаздаса пайдаги босун, гьезие жавабал кьезе ругьун гьари. ГьитІинаб тексталъул гІадатаб план гІуцІи (бицунги хъванги). Предметазе гьабураб сипат-сурат цІунун, хабарияб текстaлдасан изложение хъвай. Суалазда ва планалда рекъон, цІалараб тексталъул тартибалда хІасил бицине (абунги хъванги). Сюжеталъулаб суратaлдасан сочинение хъвазе. Жиндирго хІакъалъулъ, дарсазда жинцаго цІалараб тІехьалъул хІакъалъулъ бицине лъай (абунги хъванги). Телевизоралдаги киноялдаги рихьарал фильмабазул бицине лъай (абунги хъванги). Кагъат хъвазе лъай.  БатІи-батІиял темабаздасан сочинение хъвазе лъай.

**Календарно – тематическияб планирование**
**авар мац1 5 класс**

| **№ п\п** | **Дарсил тема** | **Къо - Моц1.** | **Саг1атазул** | **Лъазабизе кколеб материал.Калам цебет!езаби ва контролиял х!алт!аби** | **Гьаризе кколел х!алт!абазул тайпабазул характеристика** | **Рокъобе х1алт1и** |
|---|---|---|---|---|---|---|
| 1 | Мац1 ва инсан. Каламалъул стилал | | 1 | Мац1 миллат ц1унияльул кьуч1 х1исабалда.Каламалъул стилал:гара-ч1варияльул ,г1елмияб ва художественияб | «Пачалихъияб мац1» ва рахьдал мац1» абурал бич1ч1иял баян гьаризе.Инсанасул ва обществояльул г1умруялъулъ рахьдал мац1алъул бугеб к1варги,гьелъул бечелъиги, берцинлъиги бихьизабизе.Авар мац1алъул стилазул х1акъалъулъ г1аммаб бич1ч1и кьезе. | § 1-2 гьум .5.х1.7 |
| 2 | Раг1ул г1уц1и. Каламалъул бут1аби | | 1 | Раг1ул г1уц1и. ..Геминатал ва лабиалиял гьаркьал. Предметияб ц1ар.Прилагательное Глагол. | Морфемал рат1арахъизе ва раг1аби морфемазде риххизе.Геминатал ва лабиалиял гьаркьал бит1ун абиялъул бажари камиллъизабизе.Планалда рекъон изложение хъвазе. | § 3-4 Х1.26.27. |
| 3 | Синтаксис ва пунктуация Раг1абазул дандрай. Предложение.Текст. | | 1 | Раг1абазул дандраязулъ аслиябги нахъбилълъарабги раг1и.Предложениял | Предложениялъулъ раг1абазул дандрай бихьизабизе,гьелъул г1уц1иялъул анализ гьабизе.Жиндир | § 5-6-7 х1. 40 гьум.23 |

| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | | ъул грамматикияб аслу.Тексталъул тайпаби.Къокъ гьабураб изложение. | аслиял г1аламаталги кьоч1ое росун ,предложениялъул г1урхъи ч1езабизе | |
| 4 | Абулеб жоялъул мурадалде балагьун, предл-язул тайпаби.Ах1ул предложение. | | 1 | Бицунеб жоялъул мурадалде балагьун,предложениялъул тайпаби.Интонациялде балагьун,ах1ул предложение.Ахиралда лъалхъул ишараби. | Предложениялъул г1аламатазе характеристика кьезе.Жидеца бицунебжоялъул мурадалде ва интонациялде балагьун,предложениял рат1а гьаризе. | § 8-9. х1. 53 гьум. 29 |
| 5 | Предложениялъул членал.Предложениялъул бет1ерал членал.Подлежащее.Сказуемое.Бит1араб дополнение. | | 1 | Предложениялъул бет1ерал членал: подлежащее ,сказуемое, бит1араб дополнение. | Предложениялъул бетт1ерал членал ратизе.Хабар ургъизе. | § 10,11,12, 13 х1. 84 гьум. 41. |
| 6 | Предложениялъул бет1ерал гурел членал. Определение. | | 1 | Предложениялъул бет1ерал гурел членал: хъвалсараб дополнение.определение,х1ал. | Предложениялъул бет1ерал гурел членал ратизе ва гьезул тайпаби ч1езаризе. Предложениялъул бет1ерал ва бет1ерал гурел членал цоцаздаса рат1а гьаризе.Гьезда гьоркьоб бухьен ч1езабизе. | § 14-15 х1. 96 гьум. 46 |
| 7 | Контролияб диктант | | 1 | | | Малъараб материал такрар гьаби |
| 8 | ХЪвалсараб дополнение. Х1ал. | | 1 | | Суалаздалъун предложениялъул членазда гьоркьоб бухьен ч1езабизе | § 16-17 х1. 106 гьум. 50 |
| | | | | | | |
| 9 | Т1ирит1ич1ел ва т1ирит1арал предложениял. Тайпа цоял члeналгун предложениял | | 1 | Т1ирит1арал ва т1иит1ич1ел предложениязе баян. Союзалгунги союзал гьеч1огоги тайпа цоял членал. | Т1ирит1арал ва т1ирит1ич1ел предложениязе характеристика кьезе.Тайпа цоял членазда гьоркьоб запятая лъолеб куц лъазе. | § 18-19 х1. 117,124 гьум.57 |
| 10 | Хит1аб.Хит1абгун лъалхъул ишараби.Г1адатаб предлож. разбор | | 1 | Хит1аб.Хит1абгун лъалхъул ишараби.Г1адатаб предложениялъул синтаксисияб разбор. | Тексталъулъ хит1аб батизе,Подлежащеялдаги хит1абалдаги гьоркьоб бугеб бат1алъи бихьизабизе. | § 20-21 х1.133,гьум. 60 |

| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| 11 | Г1адаталги жураралги предложениял.Бит1араб калам | | 1 | Г1адатаб ва жубараб предложение.Журарал предложениязулъ ругел г1адатал предложениял союзаздалъунги союзал гьеч1огоги цолъизаризе бегьи ва запятаялдалъун рат1а т1езари.Бит1араб калам ва лъалхъул ишараби. | Грамматикиял аслуязул къадаралде балагьун,г1адатал ва журарал предложениял цоцаздаса рат1а гьаризе. Кьурал схемабазда рекъон журарал предложениял г1уц1изе.Авторасул раг1аби ва бит1араб калам бихьизабизе, лъалхъул ишараби лъезе.Схемаби г1уц1изе. | § 22-23 х1. 159,160 гьум. 70 |
| 12 | Ругьунлъиялъул изложение. | | 1 | | | Гьум 71 |
| 13 | Диалог.Синтаксис ва пунктуация такрар гьабизе.Изложениялъул анализ | | 1 | Диалог.Диалогалда цебе тире. | Диалогалъул х1акъалъулъ бич1ч1и бук1ине.Предложениялъул синтаксисияб разбор гьабизе.Хабарияб тексталъул изложение ва эркенаб темаялдаса сочинение хъвазе. | П.24-25.х1.168. гьум.75. |
| 14 | Фонетика ва графика. Рагьарал ва рагьукъал гьаркьал. Лабиалиял гьаркьал ва геминатал. | | 1 | Фонетика.Мац1алъул бут1а х1исабалда гьаракь.Каламалъул гьаркьал.Рагьарал гьаркьал ва х1арпал.Лабиалиял гьаркьал ва геминатал. | Авар мац1алъул киналго гьаркьал бит1ун абизе.Фонетикаялъул аслиял бич1ч1иял лъазе.Рагьукъал ва рагьарал гьаркьал лъазе.Рахьдал мац1алъул раг1улъ ругел рагьарал гьаркьазул г1уц1и бихьизабизе.Геминатал ва лабиалиял гьаркьал рихьизарулел х1арпал рат1а гьаризе. | § 26-29 х1.,180 гьум. 81 |
| 15 | Контролияб диктант | | 1 | | | |
| 16 | Графика.Алфавит.Е,Е, Ю,Я х1арпал.Ъ,Ь х1арпал. Анализ диктант. | | 1 | Алфавит.Ъ,Ь.х1арпал ва гьез т1убалеб хъулухъ | Словаралда къвариг1арал баянал ралагьулаго, алфавиталдаса пайда босизе.Я.Е.Е.Ю.Ъ,Ьх1арпал хъваялъул къаг1идаби лъазе. | §30- 31-32 х1.201 гьум. 88 |
| 17 | Слог ва раг1и бикьун боси .Ударение. Раг1ул фонетикияб разбор гьаби. | | 1 | Слог..Раг1ул фонетикияб разбор. Орфографилъ бит1унхъваялъул къаг1идабазул бицуна. | Раг1аби слогазде рикьизе ва мухъидаса мухъиде гьел бит1ун рикьун росизе. Кагъат хъвазе.Сураталдасан | П.33-35 х1.209 |

| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | | | хабар г1уц1изе.Словараздаса пайда босизе. | |
| 18 | Раг1и ва раг1ул лексикияб маг1на.Цо маг1наялъул ва г1емер маг1наялъул раг1аби. Раг1ул бит1араб ва хъвалсараб маг1на. | | 1 | Лексикаялъул х1акъалъулъ бич1ч1и.Мац1алъул бут1а х1исабалда лексика.Раг1ул лексикияб маг1на.Цо маг1наялъул ва г1емер маг1наялъул раг1аби. | Словаралъул кумекалдалъун раг1ул лексикияб маг1на баян гьабизе.Цо маг1наялъул ва г1емер маг1наялъул раг1аби рат1а гьаризе. Раг1ул бит1араб ва хъвалсараб маг1на бихьизабизе | § 36-37-38, х1. 225 гьум. 95 |
| 19 | Омонимал .Синонимал.Антонимал.Такрар гьаби. | | 1 | Омонимал,синонимал,антонимал (лъай – хъвай гьаби) | Омонимал ,синонимал,антонимал лъазе.Гьел каламалълъ х1алт1изари.Планалда рекъон текст г1уц1изе. | § 39-40-41-42. х1. 248 гьум. 105 |
| 20 | Контролияб изложение. | | 1 | | | |
| 21 | Морфема- раг1ул бищун гьит1инаб маг1наяб бут1а.Раг1ул аслу ва ахир. | | 1 | Раг1ул аслу ва ахир.Раг1улъ ахиралъ т1убалеб хъулухъ. | Морфема раг1ул бищун гьит1инаб маг1наяб бут1а бук1инги,раг1ул форма ва жибго раг1и лъугьиналъулъ гьелъул бугеб к1варги бич1ч1изе. | § 43,44. х1. 258 гьум. 109 |
| 22 | Раг1ул кьибил.Суффикс. | | 1 | Кьибил цоял раг1аби.Суфиксалъ раг1улъ т1убалеб хъулухъ. | Раг1и лъугьинабиялъул ва раг1ул форма хисизабиялъул суффиксал лъазе | П.45.46.гьум. |
| 23 | Раг1ул кьибилалъулъ гьаркьазул хиси.Морфемика.Раг1ул г1уц1иялъул разбор. | | 1 | Раг1ул кьибилалъулъ рагьарал ва рагьукъал гьаркьазул хиси.Раг1ул г1уц1иялъул разбор. | Морфемал лъазе ва раг1и морфемазде биххизе; раг1ул г1уц1иялъул анализ гьабизе. Раг1ул кьибилалъулъ гьаркьал хъваялъул хаслъи лъазе. Жиндирго пикру загьир гьабун текст г1уц1изе. Предметазе гьабураб сипат-сурат ц1унун,хабарияб тексталдасан изложение хъвазе. | § 47-48 х1. 288.. гьум.119 |
| 24 | Сураталдасан сочинение. | | 1 | | | |
| 25 | Предметияб ц1аралъул маг1на ва гьелъул грамматикиял | | 1 | Предметияб ц1аралъул г1аммаб маг1на ва гьелъул грамматикиял | Лексикиябгун грамматикияб маг1наялде, морфологиял | § 49-50 х1. 304 Гьум.127 |

| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | г1аламатал.Хасал предметиял ц1арал. | | | г1аламатал.Хасал ва г1аммал предметиял ц1арал. | синтаксисиял г1аламатазде балагьун,раг1и цо кинаб бугониги каламалъул бут1алъун кколеблъи бич1ч1изабизе..Предложениялъ улъ предметияб ц1аралъ т1убалеб хъулухъ бихьизабизе.Г1аммал ва хасал ц1арал каламалъулъ х1алт1изаризе.предметиял ц1арал цолъул ва г1емерлъул формаялда хисизе.Кьураб темаялда т1асан,жиндирго пикру загьир гьабун,сочинение хъвазе | |
| 26 | Контролияб диктант | | 1 | | | § 49-50 х1. 304 Гьум.127 |
| 27 | Предметияб ц1аралъул жинс. Предметияб ц1аралъул цолъул ва г1емерлъул форма,Предметияб ц1аралъул морфологияб разбор | | 1 | Предметияб ц1аралъул жинс.Предметияб ц1аралъул форма.Г1иц1го цолъул формаялда х1алт1изарулел предметиял ц1арал.Г1иц1го г1емерлъул формаялда х1алт1изарулел предметиял ц1арал.Г1емерлъул форма лъугьунаго,аслуялъулъ колел хиса-басиял.Морфологияб разбор. | Предметиял ц1арал цолъул г1емерлъул формаялда хисизе.Предметияб ц1аралъул морфологияб разбор гьабизе.Цолъул ва г1емерлъул формаялъул ругел предметиял ц1арал к1алзул ва хъвавул каламалъулъ х1алт1изаризе. | §51-53 х1. 322,324 гьум. 132-134 |
| 28 | Каламалъул бут1а х1исабалда глагол.Рухьарал ва т1адч1арал глаголал | | 1 | Глагол.Предложениялъулъ глаголалъ т1убалеб хъулухъ. | Глаголалъул грамматикиял г1аламатал рихьизаризе. Рухьарал ва т1адч1арал,жинсиял ва жинсиял гурел глаголал рат1а гьаризе.Глаголалъул ц1арги глаголалъул заманалги рат1а | §54-55 х1. 335 гьум. 139 |

| | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | | | гьаризе. | |
| 29 | Жинсиял ва жинсиялгурел глаголал. Глаголияб ц1ар. Г | | 1 | | | §56-57х1.340 гьум. 141 |
| 30 | Глаголалъул заман.Араб заманалъул глагол.Бач1унеб заманалъул глагол. | | 1 | Араб бач1унеб заман лъугьин ,ва гьезул буголъиялъул гьеч1олъиялъул форма. | Глаголалъул заманаби рат1а гьаризе. Каламалъулъ х1алт1изаризе. | §58-60 х1.357 гьум. 146-147 |
| 31 | Проектияб х1алт1и | | 1 | -Проект «Авар мац1алъул хъвай – хъваг1аялъул тарих» | Проекталда г1ахьаллъи гьаби. | Малъараб материал такрар гьаби |
| 32 | Г1ахьалаб заманалъул глагол.Гьанже заманалъул глаголал. | | 1 | Г1ахьалаб ва гьанже заманалъул глаголал лъугьин.Гьезул буголъиялъул гьеч1олъиялъул форма. | Каламалъулъ х1алт1изаризе. Сипат-сурат гъорлъе ккезабун сочинение хъвазе. | §61-63 х1.364 гьум. 150 |
| 33 | Контролияб диктант | | 1 | | | |
| 34 | Глагол такрар гьаби .Глаголалъул морфологияб разбор.Х1асил гьабиялъул дарс. | | 1 | Глаголалъул морфологияб разбор. | | |